

UJIAN MADRASAH (UM)
MADRASAH TSANAWIYAH
TAHUN PELAJARAN 2021/2022

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Satuan Pendidikan :
Hari/Tanggal :
Waktu :

I. PILIH SALAH SATU JAWABAN YANG PALING TEPAT

1. Amit mungkur. Hapunteun sakali deui , bilih aya basa anu kirang merenah-sumarambah kana manah-sareng matak nyelekit kana ati. Mugia agung cukup lumur-neda jembar hapunteuna. Kalimah di luhur biasana sok aya dina ...
A. Salam bubuka
B. Mukadimah
C. Eusi biantara
D. Panutup
2. Metode anu sacara langsung tanpa nyiapkeun heula teks mah biasana sok dilakukeun ku jalma anu geus parigel atawa ahlina dina neupikeun biantara .
Katerangan di luhur kaasup kana metode Biantara ...
A. Metode nalar
B. Metode maca naskah
C. Metode catetan inti
D. Metode langsung/ improptu
3. Pamungkas pihatur, bilih tutus langkung kepang halang, bobo sapanon carang sapakan ...
A. Turunan someah
B. Omongan nu salah pokpokanana
C. Kudu boga piker rangkepan
D. Sing bener waktu keur hirup
4. Ungkara mana anu ngajentrekeun bagian salam panghormat...
A. Alhamdulillah urang sadayana tiasa patepung lawung paamprok jonghok dina raraga “Paturay Tineung Siswa Kelas IX”
B. Langkung, tipayun puji sinareng syukur kasanggakeun ka Gusti Nu Maha Suci.
C. Bapa Kepala Sakola, Komite Sakola, Rengrengan Guru, sareng Staf TU nu ku sim kuring dipihormat, oge teu hilap siswa-siswi nu dipikareueus.
D. Shalawat miwah salam mugia tetep ngocor ngagolontor ka panutan urang sadaya, Nabi Muhammad SAW.
5. Ungkara kalimat mana nu kaasup kana eusi bagian ngadadarkeun tujuan ...
A. Sim kuring ngadeg di ieu papanggungan minangka wawakil ti siswa kelas VII jeung VIII , seja cumarios ngedalkeun kereteg manah sareng ngawilujeungkeun ka siswa kelas IX
B. Atuh teu hilap, kana kasaeun ibu kalih bapa guru, ilmu pangaweruhna nu di dugikeun ka urang sadaya, tangtos bakal nyerep dina angeun.
C. Bapa Kepala Sakola, Komite Sakola, Rengrengan Guru, sareng Staf TU nu ku sim kuring dipihormat, oge teu hilap siswa-siswi nu dipikareueus.
D. Shalawat miwah salam mugia tetep ngocor ngagolontor ka panutan urang sadaya, Nabi Muhammad SAW.
6. Bagéan biantara anu eusina sanduk-sanduk, sarta dipungkas ku salam di sebut ...
A. Eusi
B. Panutup
C. Bubuka
D. Pembahasan
7. Titenan ieu ungkara-ungkara bubuka dina biantara di handap.
 1. Rerencanagn anu dipikareeus
 2. Assalamualaikum Wr.Wb
 3. Bismillah anu jadi sekaring pangiring catur pangreka basa, malah mandar sagala amaliyah katut lalampahan jadi utama.
 4. Sateuacan na hayu urang sasarengan sanggakeun puji sinareng syukur ka Gusti Nu Maha Agung anu parantos masihan kasehatan reh na dina dinten ieu urang tiasa kempel ruing mungpulung paamprok jonghok di ieu patempatan dina kaayaan sehat wal afiat.
 5. Para hadirin nu dimulyakeun ku Alloh SWT!
Susunan ungkara bubuka biantara di luhur anu merenah nyaeta ...
A. 1,2,3,5,4
B. 3,2,5,1,4

- C. 2,1,5,3,4
D. 5,3,2,1,4
8. Kagiatan nyarita dihareupeun balarea kalawan make tatacara anu husus pikeun nepikeun informasi anu tangtu disebut ...
A. Biantara
B. Wawancara
C. Warta
D. Deklamasi
 9. Hadirin anu sami-sami lengah, mungguh ari waktu asa nyeak pisan sajorelat. Asa cikeneh urang sadaya diajar sasarengan di ieu sakola, ayeuna siswa kelas IX tos kedah paturay deui. Kedah miang deui ngahontal hareupan sareng cita-cita nu langkung luhur.
Ungkara di luhur kaasup bagian ...
A. Sanduk-sanduk
B. Neupikeun eusi
C. Neupikeun tujuan
D. Salam panghormat
 10. Sim kuring di dieu teh bade ngadugikeun biantara ngeunaan “ Nonoman Sunda Jaman Ayeuna”. Kecap nu luyu pikeun ngalengkeupan eta kalimah nyaeta ...
A. Nangtung
B. Ngadeg
C. Cicing
D. Diuk
 11. Di handap aya paribasa anu ngandung harti meh sarua nyaeta mikahayang perkara anu mustahil, iwal ...
A. Piit ngeundeuk-ngeundeuk pasir
B. Ngudag-ngudag kalangkang heulang
C. Ngajul bentang ku asiwung
D. Bonteng ngalawan an kadu
 12. Babasan kokolot begog dilarapkeun pikeun ...
A. Kolot anu taya kanyaho kawas budak
B. Budak ngomongna nyanyahoanan kawas kolot
C. Kolot anu kalakuan na kawas budak
D. Budak anu katembongna saperti kolot
 13. Anu kaasup paribasa panyaram lampah salah nyaeta...
A. Cul dogdog tinggal igel
B. Bisa ka bala ka bale
C. Batok bulu eusi madu
D. Hulu gundul di hihidan
 14. *Asep mah daharna oge jeung hayam*. Mangrupakeun conto
A. Wawaran Luang
B. Panyaram lampah
C. Pangjurung laku
D. Rakitan lantip
 15. *Halodo sataun lantis ku hujan sapoe*, mangrupakeun conto paribasa ...
A. Wawaran Luang
B. Panyaram lampah
C. Pangjurung laku
D. Rakitan lantip
 16. Anu kaasup paribasa pangjurung laku hade, nyaeta ...
A. Moro julang ngalepaskeun peusing
B. Ulah kumeok memeh di pacok
C. Cul dogdog tinggal igel
D. Kudu bisa ngeureut neundeun
 17. Dihandap mangrupakeun salah sahji conto kalimah rakitan lantip, iwal...
A. Sengit anu meuleum sate
B. Jang, cik pang megatkeun mobil
C. Bejana garong the ges diberesan
D. Imas mah amis budi mun panggih jeung batur teh sok seri
 18. *Sunda nanjung mun nu pundung ka cikapundung geus balik*. mangrupakeun conto kalimah...
A. Caturangga
B. Cacandran

- C. Uga
 - D. Rakitan lantip
19. Ungkara anu husus tur mandiriwinangun kalimah atawa dundukan kecapanu geus matok, geus ditaker diwatesan, teu meunang dirobah, boh dirobah unina atawa ejahanna, boh dirobah tempatna atawa dilemeskeun. Mangrupakeun harti tina ...
 - A. Paribasa
 - B. Pakem basa
 - C. Rakitan lantip
 - D. Caturangga
 20. Ungkara basa winangun kalimah anu ngandung harti babanding minangka siloka lakuning hirup manusa. Mangrupakeun harti tina ...
 - A. Paribasa
 - B. Pakem basa
 - C. Rakitan lantip
 - D. Caturangga
 21. Kampung Naga teh disebut Kampung adat lantaran ...
 - A. Mindeng ngalaksanakeun upacara adat
 - B. Jadi salah sahiji objek wisata adat
 - C. Warganya masih ngukuhan adat Karuhun
 - D. Imahna mangrupa Imah panggung
 22. Wangun suhunan anu tungtungna teu make jure, sok disebut Oge ...
 - A. Suhunan Limas
 - B. Suhunan jolopong
 - C. Suhunan Parahu kumureb
 - D. Suhunan Julang ngapak
 23. Karamba mangrupakeun tempat ...
 - A. Tempat miara manuk
 - B. Tempat ngampihan munding
 - C. Tempat miara lauk di wahangan
 - D. Tempat ngampihan hayam
 24. Tempat matuhna pagawe di perkebuna, ngokolakeun binih disebut...
 - A. Bedeng
 - B. Bale desa
 - C. Bale kota
 - D. Godaku
 25. Tangsi mangrupakeun tempat
 - A. Ngubaran anu gering
 - B. Tempat nenden pare
 - C. Tempat matuhna jalema
 - D. Tempat ngarerebna tentara
 26. Karangan anu ngagambarkeun hiji hal disebut ...
 - A. Karangan eksposisi
 - B. Karangan narasi
 - C. Karangan deskripsi
 - D. Karangan ekspositoris
 27. Di gigireun maraton biasana sok Aya Nyaeta tempat cicing putri raja.
 - A. Pendopo
 - B. Kaputren
 - C. Singgasana
 - D. Padepokan
 28. Anu matak disebut Kampung teh lantaran baheulana didinya Aya tempat nyieun Kenteng Jeung bata.
 - A. Gosali
 - B. Lio
 - C. Leuit
 - D. Balandongan
 29. Kasenian anu menang ditanggap di Kampung Naga, iwal....
 - A. Terbang
 - B. Wayang golek
 - C. Beluk

D. Rengkong

30. Suhunan Imah pak Udin mah lantaran jiga siga anjing anu keur ngajogo.

- A. Julang ngapak
- B. Jogo anjing
- C. Parahu kumureb
- D. Suhunan jolopong

31. Novel Sunda anu Munggaran medal taun 1914, nyaeta novel Baruang Kanu Ngarora anu di karang ku ...

- A. D.K Ardiwinata
- B. Hidayat Susanto
- C. Taufik Fatur Rahman
- D. Caraka

32. Asupna Novel Kana sastra Sunda teh mangrupa pangaruh Barat ngaliwatan basa

- A. Walanda
- B. Inggris
- C. Indonesia
- D. Arab

Dihandap mangrupikeun ringkasan Novel “Patepung di Bandung”

Kondi teh budak lembur urang Pagerageung Tasikmalaya. Kulawargana hirup basajan. Bapana kungsi usaha jadi tukang potret, tukang baso tapi tuluy bangkrut sabab kadeseh ku batur. Bapana tuluy jadi tukang kuli bangunan di Jakarta tapi teu lila lantaran katarajang musibah ragrag ti luhur wangunan nepi ka nombrona teu bisa digawe nanaon. Pikeun nyumponan kabutuh sapopoena kapaksa parobot imahna dijualan.

Hiji waktu Kang Odong ditewak pulisi lantaran ngabongkar toko. Manehna dibui di kabupaten tuluy dipindahkeun ka Bandung. Kondi digawe di pabrik aci sanggeus bapana maot, manehna diajak digawe di Bandung ku Mang Mahmud dititah nungguan kios di Pasar Ciroyom. Basa geus aya di Bandung Si Kondi aya niat hayang neangan lanceukna Kang Odong. Bari diaanteur ku Mang Mahmud Si Kondi aprak-aprakan mapay raratan lanceukna.

Hiji waktu Si Kondi tepung jeung Asep Dodoy raja copet anu geus babalik pikir. Nya harita manehna tepung jeung lanceukna anu geus jadi jalma bener jadi bandar minyak anu ngider ka saban wewengkon. Si Kondi dititah cicing di lembur ngurus indungna bari nuluykeun deui sakola.

33. Saha tokoh utama dina novel Patepung di Bandung teh?

- A. Kang odong
- B. Kondi
- C. Bapak kondi
- D. Mang Mahmud

34. Naon pagawean anu mimiti bapa si kondi the?

- A. Tukang baso
- B. Tukang potret
- C. Tukang bangunan
- D. Tukang minyak

35. Kumaha kaayaan lanceuk na basa patepung jeung si Kondi di Bandung?

- A. Jadi tukang maling
- B. Jadi Raja copet
- C. Jadi tukang bangunan
- D. Geus insap tur jadi bandar minyak

36. Carita rekaan nu relatif panjang dina wangun prosa sarta miboga alur, carita jeung karakter anu kompleks disebut ...

- A. Carpon
- B. Novel
- C. Drama
- D. Gending karesmen

37. Unsur novel anu nyaritakeun leunjeuran carita atawa lumangsungna carita disebut ...

- A. Alur
- B. Tema
- C. Lattar
- D. Amanat

38. Latar nyaeta
 - A. Pesan anu rek diteupikeun ku pangarang ngaliwatan karyaana
 - B. Tempat lumangsungna carita
 - C. Inti pikiran carita
 - D. Leunjueran carita atawa lumangsungna carita
39. Novel “Patepung di Bandung” mangrupikeun conto novel ...
 - A. Novel Silih Asih
 - B. Novel keluarga
 - C. Novel Sosial
 - D. Novel misteri
40. Novel nu nyaritakeun kaayaan kajiwaan, nyaeta novel ...
 - A. Novel Silih Asih
 - B. Novel Sosial
 - C. Novel misteri
 - D. Novel psikologi
41. Judul gending karesmen anu di karang ku Koko Koswara nyaeta ...
 - A. Lutung kasarung
 - B. Pahlawan samudra
 - C. Panjuwulung
 - D. Si kabayan
42. Drama anu palakuna ngan saurang disebut ...
 - A. Musikal
 - B. Monolog
 - C. Eksperimental
 - D. Dialog
43. Drama musikal teh dina drama sunda mah sok disebut ...
 - A. Gending karesmen
 - B. Gending kakawihan
 - C. Drama karesmen
 - D. Balunganing gending
44. Perele palaku dina naskah drama sok ditulisna dina bagian ...
 - A. Awal Naskah
 - B. Akhir naskah
 - C. Tengah-tengah naskah
 - D. Awal jeung akhir naskah
45. Naon anu disebut Prolog ?
 - A. Pangjajap kana carita drama
 - B. Bagean pamungkas dina drama
 - C. Jalan carita drama
 - D. Paguneman dina drama
46. Naskah drama sangkuriang di karang ku ...
 - A. Wahyu wibisana
 - B. Utuy tatang sontani
 - C. Tatang sumarsono
 - D. Lugiena

ᮘᮞ᮪ᮒ ᮘᮞ᮪ᮒ ᮘᮞ᮪ᮒ ᮘᮞ᮪ᮒ

47. Tulisan dina teks latin na nyaeta ...
 - A. Abdi angkat ka sakola
 - B. Abdi nuju di sakola
 - C. Abdi bade ka sakola
 - D. Abdi uih ti sakola

ᮘᮞ᮪ᮒ ᮘᮞ᮪ᮒ ᮘᮞ᮪ᮒ

48. Tulisan dina teks latin na nyaeta ...

- A. Mamah nuju masak
- B. Mamah nuju tuang
- C. Mamah nuang buah
- D. Mamah nuang kueh

49. ABDI MACA BUKU, tulisan dina aksara Sunda na nyaeta ...

3.
3
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
3
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ.
3
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ.
3
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ.
3
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ
ᮊᮧᮒ

50. BUKU SUNDA, tulisan dina aksara Sunda na nyaeta ...

3.
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ.
ᮊᮧᮒᮧᮒ.
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ.
ᮊᮧᮒᮧᮒ.
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ.
ᮊᮧᮒᮧᮒ.
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ
ᮊᮧᮒᮧᮒ.